

Chè fanmi,

Peryòd aplikasyon pou lekòl presegondè ap ouvri semèn 10 janvye a; yon ti tan apre, nou envite tout fanmi elèv klas senkyèm ane Vil Nouyòk kounye a pou vin patisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon vityèl sou fason pou aplike pou lekòl presegondè. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen. Tout sesyon yo vityèl, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!

Nan chak aktivite sou entènèt sa yo, n ap pale sou:

- Kòman pou jwenn aksè nan kont [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov/) ou. MySchools se anyè ak sistèm aplikasyon lekòl sou entènèt Depatman edikasyon.
- Kòman pou konnen opsyon ki genyen pou pitit ou a pou lekòl presegondè.
- Kòman pou aplike ak kòman yo fè òf yo.

Se sou menm bagay y ap pale nan chak aktivite yo, men **yo pral bay sèvis entèpretasyon diferan pou diferan aktivite**, konsa:

- **20 janvye**, 5pm rive 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Bengali, Koreyen, Panyòl
- **25 janvye**, 5pm rive 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou
- **28 janvye**, 1pm rive 2pm | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan: Arab, Fransè, Ris

#### Kòman pou patisipe:

- Chak sesyon ap fèt andirèk (live). Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè aktivite a ap kòmanse lè w klike la a: <https://bit.ly/MSEvents2022>
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl ou oswa [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle) de jou ouvrab avan aktivite a: n ap voye yon mesaj ba ou ki gen menm **link Zoom** sa a ak **modpas** ou pral bezwen pou ka patisipe, ansanm avèk **nimewo telefòn pou rele pou entèpretasyon** nan lang y ap ofri yo.

Ou pa ka patisipe nan aktivite nou yo andirèk, oswa ou vle gen plis enfòmasyon?

- Ale nan [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle). Yon anrejistreman ki gen soutitraj ki tradui (caption) ap disponib sou sitwèb nou an de semèn apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).